# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 सितम्बर 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में उत्तर प्रदेश लोक निर्माण विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें येह दौरान उहां के बरखा आ बाढ़ि से खराब भइल सड़किनि कै जुरते मरम्मति कइ के उन्हें आवे–जाये लायक बनवले क निरदेस दिहलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि आवे वाला पर्व आ तिउहार के देखत प्रदेस के सज्जो प्रमुख राहिनि पर जरूरी मरम्मति आ नवीनीकरण क कार पूरा कइल जाए। उहां के सिक्षण संस्थानन, अस्पतालन, मुख्य बजारिनि, सरकारी कार्यालयन आ ढेरे आवे–जाये वाले सड़किनि क मरम्मत प्राथमिकता के आधार पर करवले क निरदेस दिहले हईं।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कै पचीस बरिस क लगतारे सेवाकाल पूरा भइले के मौका पर सतरह सितम्बर से सतरह अक्टूबर ले चलावल जा रहल सेवा संकल्प अभियान के ले के तइयारी जोरिया गइल बा। येही कड़ी में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि प्रदेस के सज्जो सांसदन, विधायकन, महापौर आ जिला पंचायत प्रसासकन के सथहीं नगर पंचायत अउर बलाक स्तर के जन प्रतिनिधियनो के साथे वर्चुअल जरिया से बइठकी कइलें।

***मुख्यमंत्री ने सभी जन प्रतिनिधियों का आह्वान किया कि वे अपनी सक्रिय भागीदारी से इस अभियान में गांव से लेकर शहर तक समाज के हर वर्ग को जोड़ें। मुख्यमंत्री ने बताया कि सेवा संकल्प अभियान के अंतर्गत सत्रह सितंबर की शाम आशीर्वाद का दिया कार्यक्रम में लाभार्थी परिवारों के साथ दीप प्रज्जवलित किए जाएगें। साथ ही सरकार की योजनाओं से बने प्रमुख भवनों और विकास परियोजनाओं के स्थलों पर भी दीप जलाए जाएंगे। बैठक में मुख्यमंत्री ने प्रभारी मंत्रियों को निर्देशित किया कि वे अपने प्रभार वाले जिलों में जनप्रतिनिधियों के साथ मिलकर कार्यक्रमों की रूपरेखा तय करें। समाचार कक्ष से रितेश।***

**********

सड़क परिवहन अउर राजमार्ग मंत्रालय फास्टैग पोर्टेबिलिटी बदे वन टैग सुविधा सुरू कइले हौ। एकरे तहत गाड़ी मालिक अपने मौजूदा फास्टैग के राजमार्ग यात्रा ऐप से नया बैंक खाता से जोड़ि सकिहें। केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी आजु मुंबई में येह सुविधा के सुभारम्भ मौका पर कहलें कि सरकार क लक्ष्य चालू वित्त बरिस के आखिरी ले टोल प्लाजा पर प्रतीक्षा समय के दस सेकेंड से कम कइल हौ।

**********

यूजीसी नेट जून दुइ हजार छब्बीस कै अंगरेजी, कॉमर्स आ समाजशास्त्र क दोबारा भइल परीक्षा कै राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी के ओरि से जारी प्रारम्भिक उत्तर कुंजी पर तेरह सितम्बर ले आपत्ति दरज करावल जा सके ला। एनटीए के मोताबिक आपत्ति दरज करावे बदे परीक्षार्थियन के यूजीसी नेट के आधिकारिक वेबसाइट पर लॉगिन करे के होई।

**********

इलेक्ट्रॉनिक वोटिंग मशीन–ईवीएम के फर्स्ट लेवल चेकिंग–एफएलसी के ले के आजु वाराणसी में एगो कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। एहमें भारत निर्वाचन आयोग क वरिष्ठ उप निर्वाचन आयुक्त मनीष गर्ग आ प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा के सथहीं एक्कइस जिलन कै निर्वाचन से जुड़ल अधिकारी सामिल भइलें। राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी श्री रिणवा कार्यसाला के बारे में पुरहर जनकारी दिहलें।

***इसका उद्देश्य यह है आज के वर्कशॉप का कि अब सभी जिलों में यहां से जाने के बाद ये अधिकारी फर्स्ट लेवल चेकिंग कराएंगे, एफएलसी। और फर्स्ट लेवल चेकिंग का अर्थ है कि ये जो मशीनें हैं, इनको हम इलेक्शन में इनका प्रयोग करने से पहले एक–एक मशीन को, एक–एक यूनिट को, चाहे वो कंट्रोल यूनिट हो, बैलेट यूनिट हो, वीवीपीएटी हो, उसको चेक करके सुनिश्चित करते हैं कि वो वर्किंग कंडीशन में है, उसके सारे बटन काम कर रहे हैं, किसी प्रकार की कोई उसमें कमी नहीं है। और उस मशीनों को छांटा जाता है जो इलेक्शन में यूज हो सकती हैं।***

**********

प्रदेस क करीब सज्जो पूरबी जिलन में छिटपुट बादर छवले बा आ कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के गरज–चमकि के साथे बरखा क सिलसिला जारी बा। मौसम विभाग के मोताबिक बरखा क वायुमण्डलीय परिस्थिति बनल बा, जेकरे नाते अगिला चारि दिन ले गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन में कुछु जगहिनि पर हल्लुक आ कुछु जगहिनि पर मध्यम बरखा क पूर्वानुमान हौ। ओहर, लगतारे हो रहल बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़इले के नाते राज्य क दुइ दरजन से बेसी जिला अबहिनों बाढ़ि के चपेटा में हवें। बाढ़ि परभावित जिलन में जिला प्रसासन के ओरि से लगतारे निगरानी कइल जा रहल हौ आ राहति अउरी बचाव कार्य जारी बा। राहत आयुक्त कार्यालय के मोताबिक अबले आठ हजार लोगिन के बाढ़ि परभावित इलाकन से सुरक्षित जगहिनि पर पहुंचावल जा चुकल बा। येह बिच्चे राज्य क कई गो नद्दी अबहिनों उफान पर हइनि।

**********

चित्रकूट में भादो क अमौसा मेला आजु से सुरू हो गइल। ओइजा देस के कई इलाकन से पहुंचल सरधालु पवित्र मंदाकिनी नदी में आस्था क डुबकी लगवले के बादे कामदगिरि क पैकरमा कइ रहल हवें।

**********